

SHONA 1 EXAMINATIONS 2020

GRADE SEVEN SHONA PAPER 1

TIME 2 HOURS

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo

Ini ndiri parwendo natenzi vangu. Nhasi tabva kumatunhu ari kumadokero kwenyika. Tiri kuenda kuguta reMutare riri kumuganhu wokumabvazuva kwenyika. Ini motokari ndakasimba zvikuru. Ndinokwanisa kumhanya kwenguva refu, kupinda iwe nzombe. Tenzi wangu anondifarira nokuti ndinomutakura ndichimusvitsa kwese kwaanoda . Saka ini ndinokosha zvikuru kuna tenzi wangu.

Ibvapo iwe motokari! Kumhanya handiko kusvika. Iko kumhannya kwako uku kunoita kuti ubheuke uchiuraya tenzi wako! Zvekare kufamba kwako uku kunopedzera tenzi wako mari achitenga mafuta nezvimwe zvaunoshandisa kuti ufambe. Ini tenzi wangu hapana mari yaanobhabhara kuti ndimushandire. Asi ini ndinodhonzwa gejo nengoro dzake. Zvekare mhou dzangu dzinomupa mukaka. Saka isu vanan'ombe tinokosha zvikuru kuna tenzi wedu.

1. Nhurirano iyi iri pakati pani?
A. shumba nanzou B. nzombe nan'ombe C. motokari nashumba D. motokari nenzombe
2. Motokari natenzi vake vaiendepe?
A. kwaMutare B. kuguta guru C. kuHarare D. kumadokero
3. Chii chinotipa mukaka?
A. nzombe B. mhuru C. tsiru D. mhou
4. Motokari akabheuka chii chinoitika?
A. motokari inofa B. tenzi wayo anofa C. nzombe inofa D. tenzi wanzombe anofa
5. Nemhaka yei tenzi achifarira motokari? Motokari
A. inomupedzera mari B. anoitengera mafuta C. inomutakura kuenda kwese kwanoda
D. inomhanya
6. Kuti **kumhanya handiko kusvika** zvinoreva kuti
A. kumhanya kwakanaka B. kumhanya kunoita kuti munhu akurumidze kusvika
C. kuita zvinhu uchimhanya hzhvirevi kuti ndiko kuti zvibudirire D. kumhanya kwakashata
7. Chinodhonzwa gejo chii?
A. motokari B. inzombe C. nditenzi D. Mutare

Zadzisa nyenyaudzosingwi dzakakodzera

8. Tawana achiti ___ kuchema. A. mee B. hwau C. pfiku pfiku D. bhu bhu bhu
9. Gudo raifamba richiti Pamberi pemamwe makudo.
A. piti piti B. godi godi C. warawashu D. kongonya kongonya

Ipa duzuro yedimikira iri.

10. Kubata musoro wenyaya..... A. kushaya hanya nenyaya B. kunzwisisa zvirikutaurwa
C. kutaura zvinotaridza njere D. kubvumirana navamwe

Sarudza zvinoreva dimikira rakatarwa

11. Sekuru vangu vanodya marasha. A. kupusa B. kufa C. kupopota zvikuru D. kutambura.

Zadzisa tsumo inotevera

12. Masvanhikongonya kutarisana A. kwevanhu B. kwevanodanana C. kwevakarambana
C. kwemhobwe

Ipa tsumo ine tsanangudzo inotevera

13. Chimwe nechimwe chine nguva yacho yekuita mukurumbira ,asi chinovawo nemagumiro acho.
A. Chinobururuka chinomhara B. Kumhanya handi kusvika
C. Chingoma chiririse ndicho chiparuki D. Nhasi chineni, mangwana chinewe

Verenga detembo iri ugopindura mibvunzo inotevera.

Paari ihofori yerume iye Genese.
Gomana hombe sababa vake VaDoka.
Vanoziva vanoti gavi rinobva kumasvuriro.
Tateguru vake vaiva hamburamakaka yerume,
Hurudza, Nyakuzvitonga,
Iye gonamombe.
Aive muere Moyo yevaRozvi.
Aidya achiguta,
Izvo airima muminda yake kwete zvekupemha.

14. 'Gavi rinobva kumasvuriro' zvinorevei? A. aiva hamburamakaka yerume B. vanhu varege kupemha
C. Mwana anofanana nevabereki vake D. Chimwe nechimwe chine nguva yacho
15. Tateguru vaGonese vaiva chii? A. Gonamombe B. hurudza C. mhizha D. hombarume
16. Kutsvaga zvekudya kune vamwe kudii? A. kurima B. kubika C. kukwereta D. kupemha
17. Detembo iri riri kutaura pamosoro pemwana wani?
A. waGonese B. wavaRozvi C. wamambo D. waDokora
18. Izwi rokuti **hofori** rinorevei? A. murume wachembera B. murume asina kuroora
C. murume akasimba D. murume anokara
19. Gonese aiera moyo ipi? A. yavaRozvi B. yegavi C. yegonamombe D. yavaDokora

Pedzisa sematauriro edu

20. Hanvanzi yababa vako unoiti ani? A. mbuya B. sekuru C. tete D. amai
21. Baba vababa vako unovati ani? A. sekuru B. mbuya C. babamukuru D. babamudiki
22. Ukasvika pane vanovhiya nyama unoti kudii? A. pachipamwe B. vashumi C. nedzoi
D. chishava pavarume

Sarudza izwi rinoreva zvakafanana nerakatarwa

23. Sekuru vangu vanofarira mhamba zvikuru. A. nyama B. sadza C. doro D. uchi
24. Simbarashe ndiye nevanji mumba medu. A. gotwe B. mupfumi C. dangwe D. mushakabvu

Sarudza izwi rinopikisana nerakatarwa

25. Akanzi agare mumvura kusvikira atota. A. anyorova B. achema C. aiva D. aoma

Zadzisa neizwi rakakodzera

26. Imba inorara vasikana inonzi..... A. dongo B. nhanga C. bhedhuru D. gota
27. Kekedu akafira mumunda gore renzara. A. rake B. wake C. chake D. svake

Isa muuzhinji izwi rakatarwa

28. Vaifamba rwendo rukuru kuenda kunoroora. A. mirwendo B. marwendo C. rwendo D. nzendo

Verenga tsamba inotevera ugopindura mibvunzo

Chizarira School
P O Box 144
Chiredzi

14 Chivabvu 2009

Kuna Tete

Ndanyora tsamba iyi ndinomufaro mukuru wokukuzivisa kuti baba vakazondibvumidza kuuya kwenyu pazororo raNyamavhuvhu.

Saka taurirai babamukuru kuti Chiramu chirikuuya vafanogadzirira mari yokuzoenda kundoona mapopoma eMosi-oa-Tunya. Ndototi dai mazuva aikakatwa kuti zororo rikasire kusvika.

Makadii ikoko? Kuno tinongodai nomufaro. Mufarise babamukuru naChiedza.

Ndini wenyu

Ruramai

29. Tsamba yakanyorwa mumwedzi upi? A. Nyamavhuvhu B. Kurume C. Mbuzi D. Chivabvu
30. Tsamba iyi yainyorerwa ani? A. babamukuru b. Chiedza C. tete D. ruramai
31. Chii chiri kufarirwa nemunyori? A. kubvumidzwa kuenda kuzororo B. kukwira bhazi
C. kuvhara chikoro D. kuona Chiedza
32. Chizarira school inowanikwa kudunhu ripi? A. Masvingo B. Mwenezi C. Rutenga D. Chiredzi
33. Munyori aida kuzivisa vatete vake nezvei? A. rufu B. kushanya C. kukumbira mari D. kukwazisa
34. Mundima ari kunzi 'chiramu' ndiani? A. ruramai B. Chiedza C. Vatete D. Babamukuru
35. Ruramai aida kuzoshanya muzororo ripi? A. rekotoro yekutanga B. rekotoro yepiri
C. rekotoro yetatu D. zororo rekisimisi

Sarudza vana vemhuka idzi

36. tsuro A. nzvenzvana B. tsvana C. nhowa D. chitiyo
37. gudo..... A. kacheche B. rushiye C. mhuru D. handa

Ipa machemere angaitwa nemhuka iyi

38. dhongi..... A. rinochema B. rinokukuridza C. rinohukura D. rinokuma

Sarudza chirevo chakanyorwa zvakanaka.

39. A. "Nemhaka yei uchifarira kutamba naye" Akadaro Farai.
B. Baba vakati, Ndinoda kuona iye akazviita
C. Akavapindura achiti, "Hazviiti"!
D. "Vakamusiya atofa paya pavabuda," akadaro mukoti.
40. A. Takanga tauya nembatya mapoto negejo.
B. Takanga tauya nembatya, mapoto, negejo.
C. Takanga tauya nembatya, mapoto negejo.
D. Takanga tauya nembatya, mapoto negejo